Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO KOUNYE A DISPONIB POU PÈMI RAPID POU FABRIKAN BWASON ATIZANAL YO

Nouvo pèmi an akselere ouvèti nouvo brasri, distilri, sidri ak idwomèl

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a ap aksepte kounye a aplikasyon pou nouvo pèmi yo pou pèmèt biznis ki fabrike bwason atizanal yo gen kapasite pou fabrike ak vann bwason alkolik pandan lisans alkòl yo annantant. Nouvo pèmi sa yo kapab jeneralman trete ak apwouve nan mwens pase 30 jou, konpare ak aplikasyon pou nouvo lisans yo ki aktyèlman pran yon mwayèn sis mwa, akselere tan sa pran pou ouvri nouvo biznis fabrikasyon bwason atizanal atravè eta a.

“Endistri bwason atizanal New York yo non sèlman yo se yon sous fyète lokal, men tou yo kreye travay epi estimile touris nan tout kwen nan eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pèmi rapid sa yo pral pèmèt nouvo biznis yo kòmanse nan ouvri byen vit ak fè kontribisyon imedyat nan ekonomi lokal yo. Sa se yon lòt etap nan fè avanse efò administrasyon nou an yo pou redui fòmalite administratif yo, fasilite règleman ak fè refòm bon sans pou ede biznis sa yo grandi ak pwospere".

Lejislasyon an ke Gouvènè Hochul siyen nan 21 desanm 2021, te kreye nouvo pèmi tanporè pou brasri, vinikòl, distilri, sidri ak idwomèl, k ap pèmèt yo ouvri pandan y ap tann apwobasyon final la, pou anpeche depans akimile nan lwaye ak antretyen apre yo fin akeri lokal ak ekipman. Aktyèlman gen katrevenyen aplikasyon pou pèmi ki annatant pou fabrikan atizanal yo nan tout eta a.

Pèmi sa yo pèmèt biznis yo fabrike ak vann bwason alkolik pou yon peryòd sis mwa oswa jiskaske tout aplikasyon an apwouve, pou yon frè 125 dola sèlman. Nouvo pèmi yo ka pwolonje pou yon peryòd twa mwa pou yon frè siplemantè 50 dola si nesesè. Aplikasyon pou fabrikan atizanal yo pou aplike pou nouvo pèmi operasyonèl tanporè yo disponib isit la.

Prezidan Otorite Alkòl Eta, Vincent Bradley, te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt ke pèmèt pwodiktè yo ouvri rapid enpòtan pou biznis endividyèl sa yo ak pou tout ekonomi eta nou an. Lè fabrikasyon atizanal nou yo grandi ak pwospere, yo kreye travay, tounen mete lajan nan ekonomi lokal yo ak prepare teren an pou kwasans alavni. New York te

yon lidè nan endistri bwason atizanal la epi pèmi rapid sa yo pral san dout ede asire tandans sa kontinye".

Senatè Eta Michelle Hinchey te deklare, "Lansman pèmi tanporè rapid New York yo se yon gwo moman pou pwodiktè bwason atizanal yo atravè eta nou an epi mwen fyè pou mwen te vini ak lejislasyon pou ede ti biznis sa yo vini ak pwodui eksepsyonèl yo depi nan fèm yo jiska nan vè yo pi bonè. Kòm yon gwo motè touris ak kreyatè travay lokal, endistri bwason atizanal New York k ap boujonnen an reprezante yon sektè kwasans enteresan pou ekonomi nan nò eta a epi se youn ke mwen te kontan mete devan kòm Prezidan Agrikilti Sena a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò pasyone li epi mwen pa ka tann pou m kontinye travay ak li pou elaji avantaj konpetitif New York nan endistri bwason atizanal la".

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Si yon nouvo biznis bwason atizanal gen yon lokal epi pare pou fonksyone, li ta dwe kapab fè sa pandan l ap tann pèmi definitif li. Pèmi tanporè yo pral fè li pi fasil pou biznis sa yo jwenn machandiz pou komèsyalize ak jenere revni. Mwen kontan ke pwosesis aplikasyon an ouvri kounye a epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak SLA pou patenarya yo nan pèmèt nou rive nan nivo sa".

Prezidan Asosiyasyon Brasri Eta New York (New York State Brewers Association) yo, Paul Leone, te deklare, “Endistri brasri atizanal Eta New York la kontinye grandi, menm atravè COVID. Avèk tan datant yo ki dire jiska sis mwa, anpil pwopriyetè brasri t ap peye lwaye sou bilding yo pa te kapab ouvri, fè peman chak mwa sou nouvo ekipman brasri yo pa te ka itilize, epi pa te fè okenn lajan pou peye tèt yo oswa anplwaye yo pandan yo t ap tann pèmi yo. Pèmi tanporè sa pral pèmèt brasri yo ki aktyèlman ap tann pèmi yo ouvri pi bonè, ak pou sila yo ki konsidere ouvri pwòp brasri yo, yon chemen pou ouvri pi vit. Asosyasyon Brasri Eta New York la remèsye Gouvènè Hochul dèske li siyen lejislasyon sa epitou pou sipò kontinyèl li pou byè atizanal ak endistri bwason atizanal la".

Direktè Egzekitif Asosyasyon Sid Eta New York (New York State Cider Association) la, Scott Ramsey, te deklare, "Manm sidri nou yo, espesyalman ti biznis yo, kontinye fè fas ak gwo difikilte ekonomik akòz pandemi an ki kounye a gen ladan pwoblèm chèn apwovizyònman ak kou gaz k ap monte yo. Nan anviwònman sa, nou rekonesan anpil pou sipò endispansab sa Gouvènè Hochul, Senatè Hinchey ak Manm Asanble Lupardo bay. "Pwojè Lwa sou Pèmi Tanporè" a se lejislasyon bon sans ki pèmèt pi nouvo pwodiktè ak pwodiktè sid nou yo antre sou mache a, konstwi biznis yo, kreye travay ak kontribiye nan ekonomi agrikòl lokal yo nan yon fason ki pi efikas ak siyifikatif".

Direktè Egzekitif Fondasyon Diven ak Rezen Eta New York la (New York Wine and Grape Foundation), Sam Filler, deklare, "Nouvo fèm vinikòl yo te gen chans jwenn pèmi tanporè ki disponib pou yo pandan plizyè deseni epi nou aplodi Gouvènè Hochul dèske li elaji pèmi sa yo bay patnè endistri nou yo ki pwodui byè, sid ak alkòl. Tann yon pèmi vle di okenn revni pandan y ap peye yon ipotèk oswa lwaye, fè envestisman

kapital, achte ekipman ak anboche anplwaye, kidonk pèmi sa yo pral asire nouvo biznis yo kapab kòmanse fonksyone".

Prezidan Konfreri Distilatè Eta New York (New York State Distillers Guild) la, Brian Facquet, te deklare, "Nouvo lejislasyon sa pral itilize pou nouvo fabrikan yo k ap eseye jwenn pèmi nan New York nan pèmèt yo fonksyone pandan SLA gen tan pou pi byen egzamine aplikasyon yo. Konfreri Distilatè Eta New York la felisite Gouvènè Hochul ak lejislati a dèske yo mete anplas lejislasyon vital sa pou pèmèt fabrikan atizanal yo, ki kreye travay ak estimile touris nan tout kwen nan eta a, kanpe ak fonksyone osi vit posib."

Endistri bwason atizanal Eta New York la te reprezante plis pase 5 milya dola nan revni an 2018, yon kwasans 230 pousan pandan deseni pase a. Malgre ralantisman ekonomik la, kantite lisans pou fabrikasyon bwason atizanal SLA te emèt yo te ogmante nan 9 pousan ane pase a, soti nan 1,426 lisans aktif pou rive nan 1,559. Lejislasyon sa sipòte tou endistri bwason atizanal k ap grandi nan eta a, youn nan sa ki grandi pi vit nan peyi a, ki kounye klase nan senk meyè yo nan Etazini pou kantite pwodiktè bwason atizanal li genyen yo nan chak kategori. Eta a klase kòm premye nan Etazini pou kantite pwodiktè sid di yo avèk 78, kòm dezyèm nan distilatè atizanal yo epi brasri yo avèk 205 ak 504, ak kòm katriyèm nan peyi a pou kantite total vinikòl avèk 494. New York se lakay tou katòz idwomèl agrikòl, yon nouvo pèmi ki te kreye an 2019 pou bwason alkolik abaz myèl yo te pwodui nan Eta New York.

Anplis de sa, nan ane pase a, katreven uit fabrikan nan fèm te elaji anprent yo nan ouvri lokal vant an detay andeyò sit ki nouvo, gratis atravè eta a sèlman nan ane pase a, yon ogmantasyon 17 pousan pa rapò ak 2021. Sikisal sa yo, ki kounye a nan 198 atravè eta a, pèmèt fabrikan agrikòl yo vann pwòp pwodwi yo, anplis de nenpòt lòt pwodui ki gen etikèt Eta New York nan vè oswa nan boutèy bay konsomatè yo nan yon lokal ki andeyò sit la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU